# पटना के घाट पर

पटना के घाट पर हमहु अरगिया देब हे छठी मइया,
हम ना जाइब दूसर घाट देखब ऐ छठी मइया ,

सूप लेले ठाड़ बाड़े डोम डोमिनिया , देखब ऐ छठी मैया
ओहे सुपे अरग देवाइब ,देखब हे छठी मइया ,

फूल लेले ठाड़ बाड़े मलिन मलिनिया ,देखब हे छठी मइया
ओहि फुले हारवा गोथाइब ,देखब हे छठी मइया,

केला सेब नरियल किने गइनी हम बजरिया ,देखब हे छठी मइया
ओहि जगह होता देरिया ,देखब हे छठी मइया,

भूल चूक हमरी मइया राखब धिआनिया ,देखब हे छठी मइया
हमरो अरगिया देहब मान ,देखब हे छठी मइया,

पटना के घाट पर हमहू अरगिया देब हे छठी मइया ,
हम ना जाइब दोसर घटिया देखब हे छठी मइया ,

https://www.bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/18910/title/patna-ke-ghaat-par

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |